

Pangajaran Kaparigelan Basa

Ku: Dede Kosasih

PURWAWACANA

Diajar basa téh tujuan utamana mah sangkan siswa mahér atawa parigel ngagunakeun basa. Ku mahér basa dipiharep weruh jeung alus (positip) sikepna kana basa. Kamahéran atawa kaparigelan basa nyoko atawa ngamuara kana opat aspék anu “caturtunggal”, nyaéta *ngaregepkeun*, *nyarita*, *maca*, jeung *nulis*. Éta opat aspék téh bisa patali jeung widang kanyataan (nonfiksi) atawa widang rékaan (sastra, fiksi). Jadi, ébréh yén dina enas-enasna mah aya tilu tahap kamampuh atawa kompetensi (*competence domains*) dina pangajaran basa jeung sastra, nyaéta: (1) kaparigelan atawa kamahéran basa (psikomotor), (2) kaweruh basa (kognitif), jeung (3) sikep kana basa (afektif). Dina bagian ieu pedaran bakal diécéskeun naon jeung kumaha ari gék-gékanana kaparigelan basa anu opat téa (catur tunggal).

Ditilik tina jihat étimologis, kecap kaparigelan téh asalna tina parigel. Kecap parigel téh méh sawanda jeung kecap tapis, paséh(at), atawa mahér. Ari hartina parigel nurutkeun KUBS nyaéta bisa digawé jeung bisa usaha. Kecap tapis ngabogaan harti bisa atawa pinter dina sarupaning perkara. Demi paséhat asalna tina basa Arab (*fatsihat*) anu ngandung harti bisa ngucapkeun atawa ngunikeun kecap-kecap (hususna basa Arab) sakumaha mistina. Anapon kecap mahér nurutkeun R Sacadibrata (1954) téh asalna tina kecap *mahir* (Indonesia) nu hartina percéka, pinter, kacida alusna atawa kacida bisana. Jadi, boh parigel, tapis, paséhat, boh mahér ngagunakeun basa Sunda ngandung harti mibanda kamampuh lisan jeung tinulis dina widang basa Sunda.

Kamampuh atawa murba basa, nurutkeun Chomsky disebut kompetensi (*competency*) jeung performansi (*performance*). Kompetensi nyaéta kamampuh anu sipatna abstrak lantaran teu kaciri jungkiring jirimna atawa réngkolna. Mungguh kompetensi mah nyangkarukna téh aya dina batin (diri) manusa nyaéta mangrupa pangaweruh jeung sikep. Béda deui jeung performansi anu mangrupa kamampuh anu sipatna kongkrit, wujudna nyampak dina opat kaparigelan basa téa. Jadi, kamahéran téh tegesna leuwih nyoko kana aspék performansi najan saéstuna mah hésé misahkeunana antara kompetensi jeung performansi téh. Malah bisa disebutkeun yén kaparigelan téh enas-enasna mah adu-manisna antara kompetensi jeung performansi téa.

Ari kamahéran basa téh sipatna mékanistik, hartina kamahéran basa téh baris ngaronjat ajénna lamun mindeng latihan kalawan tuluy-tumuluy (berkesinambungan) tur sistematis. Ieu hal téh ngandung harti yén sing saha baé nu hayang parigel ngagunakeun atawa maké basa Sunda, kudu remen latihan, maca, ngaregepkeun, nyarita jeung nulis ku basa Sunda. Implikasina pikeun pembelajar (siswa) –salaku subjék didik-, kudu loba dibéré kasempetan pikeun latihan ngagunakeun basa Sunda dina rupa-rupa situasi.

Upama dipasing-pasing atawa diranjing-ranjing, kamahéran atawa kaparigelan basa téh saéstuna ngurung dua gunggung, nyaéta mahér dina ngagunakeun (1) basa lisan jeung (2) basa tinulis. Geura urang tataan ieu di handap!

Medium Basa	Aspék Kaparigelan
Lisan	Ngaregepkeun
	Nyarita
Tinulis	Maca
	Nulis (ngarang)

Tina péréléan jeung papasingan di luhur, tétéla anu disebut parigel atawa mahér ngagunakeun basa téh enas-enasna mah nu enya-nya masagi di nu opat rupa kaparigelan téa,

boh lisan boh tinulis. Parigel ngaregepkeun, parigel nyarita, parigel maca jeung parigel nulis (ngarang).

Dina émprona, aspék nu opat téh saéstuna mah henteu napsi-napsi da mindeng papasangan. Upamana waé, antara ngaregepkeun jeung maca, atawa antara nyarita jeung nulis (ngarang). Unggal-unggal kaparigelan téh tétéla merlukeun kamampuh nu mandiri deuih. Najan enya antara nyarita jeung ngarang téh enas-enasna mah sarua pada-pada kamampuh nu sipatna produktif, tapi dina prakna mah lain-lainna deui. Da masing-masing kudu ngéstokey padika éjahan jeung tanda-tanda baca, tapi teu kauger ku lentong atawa wirahma. Ari dina nyarita mah sabalikna.

Luyu jeung kamandirianana, rupaning kasulitanana ogé réa bédana di antara opat kamampuh téh. Ku kituna, kawilang kurang merenah lamun aya nu nyebutkeun yén di antara nu opat rupa kaparigelan ngagunakeun basa téh, ngaregepkeun mah nu pangbabarina. Atawa sabalikna, nulis (ngarang) nu dianggap panghéséna. Saéstuna mah henteu kitu. Ngaregepkeun disebut babari soténan lamun keur ngadéngékeun nu ngobrol, ngabandungan lalaguan atawa ngabandungan nu nyaritakeun pangalaman nu tas nyaba jauh jsté. Tapi teu kitu dina séjén waktu mah, upamana dina keur masamoan milu seminar, diskusi atawa ngabandungan pedaran ilmiah, jsté. Tegesna, kasulitan ngaregepkeun téh aya panta-pantana, teu kalis ku ngarti basana wungkul sabab réa deui perkara séjén nu kudu dicumponan jeung kacangking heula minangka bekelna.

Nilik kanyataanana, bawirasa teu unggal jalma murba kana éta opat aspék kaparigelan basa téa. Aya nu tapis pisan dina nyarita, tapi dina lebah nulis (ngarang) teu pati bisa, atawa sabalikna. Ieu pangabisa téh sakapeung sok dipatalikeun jeung bakat. Cenah nu malahér nulis (ngarang) téh ukur baroga bakat. Tina ieu hal téh paktor anu gedé mangaruhanana nyaéta 1) latihan jeung 2) kabiasaan. Tapi teu kurang-kurang nu palinter nyarita atawa nulis (ngarang) bari teu kungsi kasaksén “diajar” heula. Najan kitu, saenyana mah tahap latihan jeung ngabiasakeun téh tara dituncalan ngan lumangsungna prosés latihan teu salawasna dina wangun paripolah anu bisa kasaksén ku paningal.

Dina kahirupan sapopoé lebah ngagunakeun basa di saban jalma téh raket patalina jeung pacabakanana atawa propésina. Wartawan, upamana dina digawé relatif leuwih mindeng ngaregepkeun jeung nulis batan cara séjénna. Pikeun maranéhna ngabiasakeun ngaregepkeun salawasna kalawan gemet jeung ngabiasakeun nulis kalawan éféktif teu weléh kudu kapiara dina tarékah ningkatkeun kabisana. Ari ningkatkeun kualitas maca sawadina lumangsung di kalangan jalma-jalma nu sapopoéna ngagugulung (pagiling-gisik) jeung buku (média tulis).

Ngaregepkeun

Wangenan Ngaregepkeun

Kegiatan ngaregepkeun mangrupa salahsahiji tina opat aspék (caturtunggal) kaparigelan makéna basa. Dina harti sapopoé, kegiatan ngaregepkeun téh aya kalana sok dipacoro keun jeung kagiatan ngadéngékeun. Tapi mun seug dilelekan, tétéla aya bédana antara ngadéngé jeung ngaregepkeun téh. Hartina lamun ngadéngé mah can tangtu ngaregepkeun, sedengkéun ari ngaregepkeun mah tangtu baé kudu ngadéngé éta sora.

Istilah ngadéngé (mendengar, *hearing*) sok dianggap ukur prosés fisiologis, ti mimiti datangna gelombang sora anu engkéna ngeundeurkeun kekendangan, anu disebut *vibrasi*. Ieu vibrasi téh diteruskeun ku tulang-tulang lalembut anu aya dina ceuli bagéan tengah tur diteruskeun kana ceuli bagéan jero, atawa kohléa (*cochlea*). Satuluyna vibrasi dirobah kana saraf pangrungu sarta ngahuluwotan kana uteuk. Uteuk sacara otomatis bakal apaleun yén anu datang téh sora tur ieu prosés téh lumangsungna lain karana usaha. Ku lantaran otomatis téa, nya sok aya kalana éta sora téh teu bisa dieureunan. Nu antukna lamun pareng embung ngadéngé, tangtu waé kudu meungpeukan ceuli.

Ngadéngékeun béda deui jeung kagiatan ngaregepkeun (menyimak, *listening*). Ngaregepkeun mah mangrupa prosés atawa aktivitas kamahéran basa anu kompléks. Pangna disebut kompléks téh sabab teu kalis ku ngadéngé sorana wungkul tapi ogé meredih konséntrasi anu daria deuih. Tanpa konséntrasi anu daria, pamohalan urang bisa maham eusi wacana regepan kalawan hadé. Sajeroning lumangsungna prosés ngaregepkeun, kagiatan mental urang (paregep) téh bakal aktip milih atawa ngajén informasi anu pinilih. Ku kituna, paraahli pangajaran ngaregepkeun sapuk tur sapamadegan yén ngaregepkeun téh mangrupa kagiatan anu sipatna reséptif aktif.

Jadi, tétéla ngaregepkeun téh lain prosés anu gampang. Lantaran dina émprona teu sakabéh jalma atawa siswa bisa jeung mampuh ngaregepkeun kalayan hadé. Lian ti éta, ngaregepkeun ogé raket patalina jeung pasipatan sopan atawa henteuna hiji jalma. Sopan henteuna hiji jalma kadangkala bisa katitén, naha éta jalma boga sikep ngaregepkeun anu hadé atawa henteu. Jadi, kamahér ngaregepkeun téh gumulung jeung tatakrama sopan santun sarta ajén intéléktual paregepna.

Nurutkeun Kamus Umum Basa Sunda, ngaregepkeun asalna tina kecap *regep* nu hartina ngabandungan enya-nya. Ku kituna, ngaregepkeun mah lain ukur ngadéngékeun sora atawa caritaan, tapi mangrupa hiji kagiatan anu ngandung maksud pikeun meunangkeun eusi katut maksud caritaan.

Ilaharna ari ngaregepkeun mah sok ti kadeukeutan, sangkan sora atawa caritaan téh kadéngé kalawan écés tur jéntré. Ku lantaran ngandung tujuan pikeun meunangkeun hasil tina sora nu kadéngé. Tegesna, ngaregepkeun téh lain sakadar ngarti kana sora nu kadéngéna wungkul, tapi kudu bari jeung nyangkem kana eusi nu didéngékeunana. Ku kituna, ngaregepkeun kudu daria sarta dipigawé ti kadeukeutan, sabab pikeun nangkap informasi anu leuwih hadé mah kudu bari dibantu ku indra séjén, kayaning paningal jeung sikep dina mangsa ngaregepkeun.

Aya tilu kamampuh anu baris ngawarnaan prosés ngaregepkeun, nyaéta: a) kamampuh museurkeun panitén, b) kamampuh linguistik, jeung c) kamampuh ngajén atawa vérifikasi. Prosés nu kahiji, kamampuh museurkeun panitén téh kacida gedé gunana geusan ngaidéntifikasi sora-sora basa. Ari nu kadua, kamampuh linguistik gunana pikeun maham; sedengkeun nu katilu kamampuh ngajén atawa vérifikasi gunana pikeun nyieun tinimbangan, nguji sarta matalikeun harti kecap, kalimah, jeung pangalaman batiniah mangsa lawas paregep.

Tina éta kagiatan téh aya opat tahapan ngaregepkeun, nyaéta: a) tahapan mireng, b) tahapan maham, c) tahapan ngajén, jeung d) tahapan ngaréaksi.

Dina tahapan mireng, aktivitas ngaregepkeun téh lumangsung kalawan teu dihaja, anu sipatna insidental. Lamun tahapan maham, lumangsungna kagiatan ngaregepkeun téh mangrupa aktivitas (prosés) narjamahkeun (interpretasi atawa persépsi). Pemahaman atawa persépsi téh bisa kacangking ku cara ngawasa kekecapan (babaran kecap) jeung kalimah; nu

di jerona ngawengku: cara nyarita, sora basa, randegan, pasemon, tempat, jeung ka saha-sahana éta informasi téh tinujuna. Ari tahapan ngajén (vérifikasi) mah mangrupa kagiatan ngajén informasi ku pirang-pirang data atawa bukti anu luyu atawa henteuna jeung pangalaman paregep. Tahapan ngaréaksi lumangsungna mangrupa réspon, sikep, pasemon jeung aktivitas ragawi, kayaning: nyatujuan, nolak, gogodeg, méré semu, atawa milampah hal-hal anu perlu sabada ngaregepkeun anu luyu jeung persépsina.

Dumasar kana pedaran di luhur, urang bisa nyindekkeun yén ngaregepkeun téh mangrupa kagiatan anu kompléks nu sifatna reséptif aktif, meredih konséntrasi anu daria, interprétasi, persépsi, aprésiasi, évaluasi jeung réaksi. Lian ti éta, prosés ngaregepkeun ogé meredih kamampuh linguistik, cara ngaregepkeun anu éféktif, sarta kasayagaan méntal jeung fisik anu prima.

2. Fungsi jeung Mangpaat Ngaregepkeun

Maksud atawa tujuan ngaregepkeun bisa rupa-rupa, gumantung kana sipat jeung kaayaan. Upama dipasing-pasing mah fungsi atawa mangpaat ngaregepkeun téh bisa digolongkeun jadi lima rupa:

- a) nyangkem informasi;
- b) ngumpulkeun data sangkan bisa nyieun kaputusan anu hadé;
- c) sangkan bisa 'ngaréspon' anu leuwih merenah kana naon anu kadéngé;
- d) pikeun hubungan éféktif jeung papada jalma; jeung
- é) nangkep eusi atawa caritaan, dina hubungan prosés diajar.

Tegesna, ngaregepkeun téh mangrupa métode pikeun nangkep informasi jeung ma'na tina pangalaman pangrungu. Pikeun nangkep atawa ngumpulkeun informasi atawa ngaregepkeun anu hadé, bisa dipangaruhan ku tilu aspék, nyaéta: (1) persépsi, (2) intelegensi, jeung (3) mikir.

Nu dimaksud persépsi téh mangrupa fisiologis jeung psikologis dina ningkesna wincikan-wincikan anu patalina tina data.

Ari intelegensi mangrupa kamampuh nangkep eusi. Gancang atawa kendorna dina nangkep eusi carita bisa gumantung kana intelegénsi. Upama jalma nu punjul intelegénsina baris mampuh pikeun matalikeun data nu katangkep jeung data anu geus dipibanda, sarta mampuh nyieun analisis pikeun nyokot hiji kacindekan.

Lebah aspék mikir sok dipatalikeun jeung pasualan ngaidéntifikasi. Waktu nangkep informasi dina ngaregepkeun, pikiran téh sok muter, mulak-malik ingétan kana sakumna data anu geus nyampak. Satutas pikiran téh jalan, tuluy éta data anyar téh diolah tur dipatalikeun jeung data heubeul. Tina éta prosés téh tuluy jadi ngarti sarta baris jadi data anyar hasil tina patalina data nu katangkep jeung data anu geus nyampak.

Nyarita

1. Watesan Nyarita

Kegiatan nyarita téh kagolong kénéh kana aspék kaparigelan makéna basa, saperti ngaregepkeun. Dumasar kana tujuanana nyarita téh mangrupa kagiatan pikeun nebarkeun eusi pikiran, gagasan pamaksudan, rasa, ku cara lisan atawa cara nyarita ka nu lian. Ku cara kitu dipiharep nu lian (nu diajak nyarita) atawa anu ngabandingan bisa ngarti kana maksud jeung tujuan anu dilisankeun.

2. Kamampuh Nyarita

Ku kituna, dina widang pangajaran pangajaran nyarita biasana guru sok méré papancén ka salah saurang murid pikeun nyarita, atawa nyaritakeun hiji perkara. Pikeun méré pangajén kana kamampuh atawa kaparigelan nyarita, nu kudu meunang panitén saeutikna ngawengku opat unsur nyaéta: (1) lafal atawa ucapan (kaasup vokal, konsonan jeung intonasi), (2) tatabasa, (3) kabeungharan kecap, jeung (4) Paséhat/lancarna cumarita (Amran Halim, 1982).

Dina budaya Sunda paripolah anu aya patalina jeung nyarita téh nyaéta di antarana waé sakumaha anu karékam dina kahirupan sapopoé, boh salaku babasan/paribasa boh salaku kacapangan, saperti nu kaunggel ieu di handap.

<ul style="list-style-type: none">• Abong létah teu tulangan• Basa mah teu meuli ieu.• Basana garihal• Biwir nyiru rombéngeun• Hadé gogog hadé tagog• Hadé tata hadé basa• Hambur bacot murah congcot• Jalma capétang• Jalma céréwéd/bawél• Jalma daréhdéh• Jalma handap lanyap• Jalma perténtang• Jalma saréhséh• Jalma soméah• Sahaok kadua gaplok	<ul style="list-style-type: none">• Jalma songong• Jalma suaban/jamburaul• Kawas kacang ninggang kajang• Ngomongna cowong• Ngomongna pondok nyogok panjang nyugak• Ngomongna sabedug sakali• Nyarita ancad laér• Nyarita candaél• Nyarita teureugeus• Nyaritana gewong• Nyaritana paséhat• Sabda kudu diunggang-unggang• Saur kudu diukur-ukur• Teu nyaho dibasa
--	---

Dina basa Sunda kawilang réa istilah atawa prédikat anu nuduhkeun patalina paripolah nyarita, totondén yén dina hirup kumbuh urang Sunda peta nyarita kungsi jadi ukuran atawa indikator anu kagolong penting pikeun nangtukeun pribadi hiji jalma. Pangpangna upama dipatalikeun jeung tradisi tata campur gaul basa urang dina mangsa béh ditu (Iskandarwassid).

3. Biantara

a. Watesan Biantara

Biantara atawa pidato nyaéta nyarita di hareupeun balaréa. Dina biantara anu nyarita mangrupa tokoh anu jadi puseur paninggal balaréa. Teu béda jeung artis anu keur manggung, sakur ucap jeung paripolah nu nyarita teu leupas tina panitén pamiarsa (balaréa). Maksud jeung tujuan biantara nyaéta lain ngan saukur jadi tontonan tapi ngandung tujuan pikeun nepikeun gagasan atawa eusi pikiran anu kudu kaharti.

Aya bédana antara nyarita dina paguneman jeung nyarita dina biantara. Dina biantara mah henteu pacéntal-céntal. Nu biantara mah jongjon nyarita nepikeun gagasan atawa eusi pikiran, paregep jongjon ngaregepkeun nepi ka réngséna. Ku kituna, nyarita dina biantara mah mérédih pasaratan anu béda jeung paguneman, lain baé kudu mibanda kamampuh makéna basa tapi ogé rupa-rupa kamampuh saluareun basa, kayaning: wantér, tenang, katut gerak-gerik ni matak narik ati.

b. Sarat jeung Gunana Biantara

Hal anu kudu ditengetkeun dina biantara, nyaéta:

- (1) kudu tenget kana pamapag pamiarsa kana pedaran urang;
- (2) udagan utama nyaéta sangkan pamiarsa ngarti kana maksud pedaran;
- (3) kudu aya karep ngaluyukeun sarta fléksibel dina midangkeun pedaran;
- (4) kudu ngaheulakeun interest (perhatian; pangresep) pamiarsa.

Kamampuh biantara (orasi) geus tangtu loba gunana jeung gedé pangaruhna dina kahirupan sapopoé. Ku kamampuh biantara, orator baris bisa mangaruhan balaréa. Loba conto dina kahirupan, kumaha seukeutna pangaruh biantara lain baé bisa mangaruhan sikep jeung pamadegan hirup, tapi ogé tujuan. Ku kamampuh biantara bisa ngagedurkeun sumanget, bisa nungtun balaréa pikeun ngalaksanakeun tujuan anu geus ditangtukeun jsté. Pikeun guru mah kamampuh biantara téh kawilang penting, pangpangna pikeun ngajéntrékeun eusi pikiran, jeung pikeun medar pangajaran.

Dina nyarita biantara mah teu bisa ujug-ujug pok kitu baé tapi ti saméméhna kudu dirarancang jeung disiapkeun heula bahan picaritaunana jeung pasaratan séjénna. Teu béda jeung tatan-tatan dina waktu nyusun bahan tinulis, bédana téh ari dina biantara mah, nyaéta: eusi pikiran ditepikeun kalawan langsung; dilisankeun tur adu hareupan; jeung pamiarsa daék teu daék kudu nuturkeun (ngabandungan) pedaran kalawan sistematika sakumaha anu ditepikeun ku nu biantara.

Maca

1. Watesan Maca

Kaparigelan maca nyaéta kaparigelan nyurahan lambang tinulis pikeun meunangkeun eusi pikiran atawa gagasan (informasi) anu dipidangkeun ku karangan dina wangun tinulis. Dina prakna, maca téh lain ngan saukur nangkep harti anu dikandung ku tulisan (karangan), tapi ogé mangrupa paripolah nyurahan lambang-lambang tinulis sarta ngarobah éta lambang ngaliwatan fonik (sora) boh dilisankeun (dibedakeun) boh digerenteskeun dina jero haté. Tandesna mah, maca téh mangrupa kaparigelan meunangkeun informasi tina tulisan atawa karangan.

Maca téh dina hakékatna mah ngawengku tilu unsur, nyaéta:

- **artikulasi**; béntés dina ngucapkeun vokal, konsonan, kaasup intonasi katutékspérésina
- **paséhat**; lancar, teu rundag-randeg, sarta luyu jeung tanda bacaan.
- **nyangkem eusi**; ngarti sarta bisa nangkep kana ma'na jeung tujuan anu dikandung dina bacaan.

Saéstuna kaparigelan maca téh teu bisa disapirakeun, lantaran lain ngan sakadar kudu parigel ngagorolngkeun aksara atawa lambang tinulis wungkul, tapi ogé kudu parigel nyangkem sajumlahing kaparigelan anu gembleng di antarana waé nyaéta;

- pangaweruh ngeunaan aksara jeung tanda baca;
- patalina aksara jeung tanda baca sarta unsur-unsur linguistik formal;
- patalina nu leuwih jembar aksara jeung tanda baca jeung harti atawa ma'na anu dikandung dina éta karangan.

Dina hakékatna mah kaparigelan maca téh mangrupa kaparigelan inteléktual, nyaéta kaparigelan anu mibutuh kamampuh katut pangaweruh anu gembleng pikeun nyurahan lambang tinulis sarta nyangkem ma'na katut tujuan anu dikandung dina bacaan.

2. Tujuan Maca

Sok sanajan paripolah maca téh dina prakna mah sarua, tapi ari maksudna mah béda-béda. Aya anu maca daria sarta enya-nya hayang mikanyaho kana eusi katut tujuan eusi bacaan, aya ogé anu maca sahayuna sakadar pikeun hiburan atawa pikeun ngeusi waktu luang. Tegesna mah pikeun meunangkeun informasi tina bacaan téh gumantung kana tujuan macana.

Ieu di handap aya sababaraha rupa tujuan maca:

- Maca pikeun meunangkeun informasi kayaning fakta-fakta, bukti-bukti kalawan écés tur jéntré. Mangrupa kagiatan maca anu telik sarta ngandung maksud pikeun meunangkeun péréléan fakta.
- Maca pikeun meunangkeun ide atawa topik bacaan, nyaéta mangrupa kagiatan maca pikeun nalungtik eusi jeung ringkesan bacaan.
- Maca pikeun meunangkeun informasi atawa eusi tina unggal bagian, mangrupa kagiatan maca anu tujuanana néangan eusi tina unggal tahapan bacaan. Jste.

3. Wanda Maca

Saenyana aya dua wanda maca, nyaéta maca *dina jero haté* jeung *maca bedas*. Ieu wanda maca téh dibédakeun dumasar kana cara atawa prosésna. Geura uranga tengetan hiji-hijina!

A. Maca dina Jero Haté

Maca dina jero haté nyaéta maca kalawan teu dilisankeun atawa teu ngaluarkeun sora. Maca dina jero haté cukup ku digorolngkeun dina jero haté wungkul. Ku kituna, maca dina jero haté mah leuwih condong maca sadirieun lain pikeun déngékeuneun nu lian. Dina

kagiatan maca sapopoé ogé, ilaharna mah maca téh cukup ku digorolangkeun dina jero haté, kajaba lamun aya maksud séjén.

Dibandingkeun jeung maca bedas atawa dilisankeun, maca dina jero haté kawilang leuwih éféktif. Maca dina jero haté mah moal matak ngaganggu atawa ngagandéngan anu lian, Ku kituna, maca dina jero haté bisa dipigawé di tempat anu sagawayah boh di tempat pribadi boh di tempat umum. Diperpustakaan anu kasebut ruang baca ogé, saenyana mah lain pikeun maca dibedakeun tapi maca dina jero haté.

Tujuan utama maca dina jero haté, nyaéta pikeun nyangkem rupa-rupa informasi. Umumna maca dina jero haté mah hasilna bakal leuwih munel sarta leuwih gancang batan maca bedas. Ku cara maca dina jero haté, salian ti leuwih gancang téh bakal leuwih gancang dina nyangkem eusi boh ngeunaan frasa-frasa, kalimah, boh kabeungharan kecap. Pikeun latihan di kelas, ilaharna guru méré pancén ka siswa pikeun maca dina jero haté, saréngsena maca siswa kudu bisa nyaritakeun deui ngeunaan eusi bacaan. Ku cara kitu bakal katangén kamampuh siswa boh ngeunaan aprésiasi karangan boh pamahaman eusi.

B. Maca Bedas

Maca bedas atawa maca nu dilisankeun nyaéta mangrupa kaparigelan maca kalawan diproduksi ku alat sora anu ngandung ma'na. Dina maca dilisankeun mah kudu leuwih ti heula ditengetkeun téh nyaéta ma'na eusi bacaan, kakara digorolangkeun kalawan luyu jeung intonasi sarta maksud anu dicirian ku lambang tinulis (tanda baca).

Dina maca bedas mah kudu bisa ngatur volume sora pikeun nandeskeun kecap, tuluy na diruntuykeun dina wangun kalimah anu ngandung ma'na. Sangkan artikulasina béntés, tangtu baé nu maca kudu bisa ngabédakeun antara sora vokal jeung sora konsonan, sabab maca bedas mah lain sakadar kudu kaharti ku sorangan tapi ogé kudu bari bisa kaharti ku nu lian (nu ngaregepkeun). Pikeun nu keur diajar maca mah, maca bedas téh kawilang gedé pisan mangpaatna. Lian baé ngandung mangpaat pikeun ngalancarkeun kaparigelan maca, tapi ogé pikeun kaparigelan ngaregepkeun.

Dumasar kana tujuanana, maca bedas (dilisankeun) bisa dibagi ku dua golongan, nyaéta:

- *maca sasoranganeun*; ilaharna dipigawé ku nu keur diajar maca pikeun ngalancarkeun kaparigelan nyurahan lambang tinulis jeung aspék séjénna.
- *maca nu keur lian*; mangrupa kagiatan maca nu tujuanana pikeun nepikeun informasi ka nu lian.

Maca bedas atawa maca bari dilisankeun pikeun méré informasi ka nu lian, nyaéta mangrupa kagiatan maca ngaregepkeun nu lian. Ku kituna, maca bedas mérédih kaparigelan anu sagemblengna nyaéta salian ti kudu nyangkem eusi atawa ma'na bacaan téh ogé bari jeung kudu parigel nyurahan lambang tinulis kalawan paséhat lancar tur tatag.

Teu béda keur nulis jeung nyarita, maca bedas mangrupa kagiatan antar jalma, nyaéta aya nu maca jeung aya nu ngaregepkeun. Upama parigel macana tur hadé nepikeunana, tanwandé anu ngaregepkeun ogé bakal resep jeung saregep. Lian ti kitu, parigel maca bedas bakal bisa nepikeun informasi sakumaha anu dimaksud ku eusi bacaan. Sabalikna, upama kurang parigel atawa teu merenah macana, informasina ogé moal katepikeun. Jadi, mun teu parigel maca nu ngaregepkeun moal saregep.

Pikeun mibanda kaparigelan maca bedas, leuwih ti heula kudu mibanda kamampuh ngeunaan bacaan anu rék dibacakeun. Anu kawilang pentingna mah nyaéta kudu parigel maca kalawan lancar, artikulasina béntés, sarta parigel ngaruntuykeun kalimah kalawan lentong anu merenah.

Sangkan bacaan anu digorolangkeun kaharti tur dipikaresep ku nu ngaregepkeun, sawadina tumut kana padika atawa ugeran tanda baca, sarta niténan cara-cara saperti ieu di handap:

- Nyangkem jejer jeung eusi;
- Parigel ngabédakeun ide-ide anu béda kalawan jéntré;
- Ngagorolangkeun kalimah kalawan sora anu béntés jeung intonasi anu merenah;
- Ngajéntrékeun kalimah ku sora jeung gaya anu éksprésif.

Nulis

1. Watesan Nulis

Nulis atawa ngarang mangrupa kamampuh ngagunakeun basa dina wangun tinulis, pikeun nepikeun gagasan, eusi pikiran, kahayang, kereteg haté, atawa informasi. Nepikeun gagasan atawa informasi dina wangun tinulis kudu dipigawé kalawan daria tur ati-ati, sarta dipigawé dina waktu anu rinéh sangkan bisa mikir pikeun nyusun jadi kalimah. Tina kalimah jadi paragraf, paragraf jadi wacana jeung saterusna, nepi ka ngajanggélék jadi wangun karangan anu mibanda ajén jeung tujuan.

Gagasan atawa informasi anu dipidangkeun dina wangun tinulis bakal leuwih gembler batan dina wangun lisan. Nepikeun gagasan dina wangun lisan mah sok rajeun loba nu kaliwat, sajaba ti susunan kalimah sok teu puguh éntép seureuhna. Ari dina wangun tinulis mah, gagasan bakal gembler tur sistematis sabab waktuna rinéh tur dirakit kalawan ati-ati, struktur kalimahna ogé bakal leuwih hadé. Lian ti kitu, nepikeun dina gagasan dina wangun tinulis mah bakal mibanda ajén dokuméntér lantaran bisa diulik sababaraha balikan.

Nepikeun gagasan atawa informasi dina wangun tinulis sawadina kudu dipigawé kalawan ati-ati tur daria, taya lian sangkan mibanda ajén anu hadé. Ku kituna, tujuan anu rék ditepikeun baris kahontal. Sangkan karangan atawa tulisan mibanda ajén, salian kudu nyumponan sababaraha pasaratan téh ogé kudu tuhu kana palanggeran makéna basa (EYD).

2. Sarat Karangan nu Alus

Karangan anu dianggap nyumponan sarat, sakurang-kurangna mibanda lima unsur nyaéta (1) eusi, (2) wangun, (3) tata basa, (4) gaya, jeung (5) mekanik (éjahan jeung tanda baca). Eusi karangan nyaéta ngeunaan hal atawa perkara anu dijadikeun jejer karangan. Naha eusi karangan téh medar perkara kalawan gemet tur jéntré, atawa ngan ukur saulas? Wangun karangan nyaéta ngeunaan susunan atawa cara midangkeun karangan. Tata basa nyaéta aturan nu patali jeung ngawangun kecap katut pola-pola kalimah. Gaya (*style*) nyaéta ngeunaan cara méré warna dina midangkeun gagasan. Ejahan jeung tanda baca mangrupa palanggeran atawa aturan dina ngagunakeun lambang-lambang tinulis.

Tina katerangan di luhur tétéla yén nulis atawa ngarang téh mangrupa gabungan tina sajumlahing kamampuh anu béda-béda, boh kamampuh dina widang basa boh kamampuh dina widang non basa. Kamampuh basa nyaéta kamampuh ngeunaan kaparigelan makéna basa. Kamampuh makéna basa nyaéta kamampuh nu aya disaluareun widang basa kayaning; pangaweruh matéri, kakeyeng midangkeun tulisan, kawani nembrakkeun pamadegan jsté.

Nulis atawa ngarakit karangan teu cumpon ukur ku ngandelkeun bakat atawa karep wungkul, tapi perlu mibanda pangaweruh, boh pangaweruh ngeunaan padika nulis boh ngeunaan bahan atawa matéri karangan. Anu disebut mibanda pangaweruh nulis nyaéta upama geus nyangking pangaweruh ngeunaan wangun gramatik kayaning foném, morfém, kecap, frasa, klausa, kalimah jeung alinéa atawa paragraf. Kitu deui pangaweruh ngeunaan cara nuliskeun huruf, kecap jeung unsur serepan sarta tanda baca sakumaha palanggeran anu geus ditangtukeun.

Gorys Keraf (1984) nétélakeun yén karangan téh hakékatna mangrupa gambaran tina eusi pikiran atawa rasa, anu diwujudkeun dina wangun tinulis. Sangkan mampuh nétélakeun eusi pikiran atawa rasa kalawan gembler, leuwih ti heula kudu nyangkem aspék-aspék basa kayaning:

- 1) Nyangkem sajumlahing kabeungharan kecap;
- 2) Nyangkem kaédah-kaédah sintaksis;
- 3) Mibanda kamampuh gaya nu merenah; jeung
- 4) Mibanda bahan karangan.

a. Kabeungharan Kecap

Nyangkem sajumlahing kabeungharan kecap (kosa kata) mangrupa pasaratan penting pikeun ngébréhkeun eusi pikiran atawa rasa dina wangun tinulis. Leuwih loba nyangkem kabeungharan kecap bakal leuwih lancar jeung loba deui atawa gagasan anu bisa dipedar.

Numutkeun sipatna kecap bisa dibédakeun jadi dua rupa; (1) konotatif nyaéta kecap anu ngandung harti rangkepan, jeung (2) dénotatif nyaéta kecap anu ngandung harti satarabasna.

Dumasar kana ayana sifat kecap sakumaha anu ditétélakeun di luhur, nu nulis kudu parigel milih kecap anu merenah pikeun ngébréhkeun eusi pikiran sangkan gagasan bisa kaharti kalawan luyu jeung pamaksudan. Hartina, kecap anu dipaké teu matak ngandung harti séjén (ambigu) anu ahirna bisa ngabalukarkeun salah tafsir.

b. Kalimah Eféktif

Midangkeun eusi pikiran atawa gagasan kalawan gembleng sarta bisa kaharti kalawan luyu jeung anu dimaksud, teu cukup ku nyangkem sajumlahing kabeungharan kecap wungkul, tapi ogé kudu mampuh midangkeun gagasan dina wangun kalimah anu eféktif.

Kalimah eféktif nyaéta kalimah anu bisa ngébréhkeun eusi pikiran kalawan merenah. Kalimah eféktif salian ti ngandung kakuatan anu bisa némbongkeun eusi pikiran pangarang téh, ogé gampang kahartina. Hiji kalimah bisa disebut eféktif upama nyumponan sarat saperti ieu di handap, di antarana: (1) bisa ngawakilan eusi pikiran kalawan merenah, (2) sanggup méré gambaran anu sarua jeung eusi pikiran pangarang. (3) Kalimah eféktif mibanda sawatara pasaratan, nyaéta: gembleng: kalimah anu bisa némbongkeun beungkeutan gagasan sarta ngandung hiji ide poko. (3) kohérens: kalimah anu ngawangun alinéa némbongkeun runtuyan anu sinambung.

c. Alinéa

Alinéa atawa paragraf nyaéta beungkeutan pikiran nu mangrupa kumpulan atawa gabungan tina kalimah-kalimah pikeun pangawangun hiji gagasan. Dina alinéa hiji gagasan katémbong leuwih ébréh.

Teu béda ti nyusun kalimah, nyusun alinéa anu eféktif mérédih pasaratan, nyaéta:

- *gembleng*: kalimah-kalimah anu ngawangun alinéa kudu némbongkeun beungkeutan perkara atawa tema.
- *koherensi*: kalimah-kalimah ngaruntuy kalawan sinambung gampang kaharti, némbongkeun jalan pikiran anu wajar tur ngarojong kana téma.
- *kalimah-kalimah anu ngawangun alinéa némbongkeun wincikan gagasan* tur ngaruntuy kalawan sinambung.
- *Pamekaran alinéa katémbong tina runtuyan kalimah* anu medar téma.

d. Gaya

Gaya basa atawa *style* nyaéta mangrupa kaparigelan dina makéna basa pikeun méré warna kana ieu karangan. Gaya basa mangrupa cara némbongkeun eusi pikiran ku kaparigelan makéna basa. Gaya basa mangrupa bagian tina diksi (pilihan kecap), loyog henteuna hiji kalimah atawa kecap pikeun némbongkeun gagasan. Kaparigelan némbongkeun eusi pikiran, mangaruhan kana gaya basa pangarang. Ku kituna, gaya basa raket patalina jeung aspék kabiasaan kayaning diksi, frasa, klausa, jeung kalimah.

e. Éjahan jeung Tanda Baca

Éjahan nyaéta palanggaran ngeunaan cara makéna aksara gedé atawa leutik, ipis atawa kandel, déngdék jeung ajeg, jsté. Sakumaha anu ditangtukeun dina palanggaran éjahan basa Sunda.